

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus ditepikeun dina bab IV, aya sababaraha kacindekan. Babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan kapanggih aya 357, anu ngawengku 260 babasan jeung 97 paribasa. Tina jumlah sakitu téh kapanggih aya 213 babasan jeung paribasa misato, 152 babasan jeung paribasa mituwuhan, jeung 8 babasan dan paribasa misato dan mituwuhan. Babasan jeung paribasa misato téh kapanggih aya 139, anu ngawengku ngaran sato gembleng, ngaran babagian sato, jeung pasipatan sato. Ari babasan jeung paribasa mituwuhan kapanggih aya 110, anu ngawengku ngaran tutuwuhan gembleng, ngaran babagian tutuwuhan, jeung ngaran pasipatan tutuwuhan.

Ngaran sato gembleng nu kapanggih dina babasan jeung paribasa misato téh dipasing-pasing deui, anu ngawengku: (1) ngaran sato nu aya di sabudeureun imah jeung lembur; (2) ngaran sato cai; (3) ngaran sato leuweung; jeung (4) ngaran sato hiber. Kitu ogé ngaran tutuwuhan gembleng nu kapanggih dina babasan jeung paribasa mituwuhan téh dipasing-pasing deui, nya éta: (1) ngaran tutuwuhan sabangsa sasayuran; (2) ngaran tutuwuhan sabangsa kekembangan; (3) ngaran tutuwuhan sabangsa tatangkalan; (4) ngaran tutuwuhan sabangsa jujukutan; jeung (5) ngaran tutuwuhan sabangsa beubeutian.

Babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan téh salawasna misah, tapi aya nu ngandung unsur duanana saperti unggara “*hideung ogé buah manggu, matak tigurawil bajing*”. Éta unggara téh ngandung kecap nu nuduhkeun unsur sato jeung unsur mituwuhan. Jaba ti éta, kapanggih ogé unggara anu ngandung dua unsur nu sarua dina hiji babasan atawa paribasa, saperti unggara “*banténg ngamuk gajah meta*”. Éta unggara téh ngandung dua kecap unsur misato.

Babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan téh mibanda maksud anu dikandungna. Ieu maksud babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan téh

dipasing-pasing deui nepi ka jadi 3 maksud, nya éta: (1) babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung maksud piluangeun (wawaran luang); (2)

babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung maksud paréntah (pangjurung laku alus); jeung (3) babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung maksud pituah (panyaram lampah salah).

Babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan ogé miboga harti idiomatik atawa harti injeuman, anu ngawengku 3 bagian, nya éta: (1) babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung harti idiomatik sipat; (2) babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung harti idiomatik kaayaan; (3) babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung harti idiomatik tempat; jeung (4) babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan anu ngandung harti idiomatik waktu.

Bahan pangajaran babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan dina pangajaran déskripsi nu ngandung pakeman basa kelas XI SMA, didadarkeun dina runtusan bahan ajar anu mangrupa téks déskripsi ngeunaan babasan jeung paribasa misato jeung mituwuhan.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan, aya sababaraha saran anu hayang ditepikeun, di antarana:

- a. Ieu panalungtikan téh karék ngabahas unsur misato jeung mituwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda wungkul. Unsur nu lianna, kayaning ngaran kaayaan alam, ngaran barang, jeung ngaran laku lampah mah acan kapaluruh.
- b. Panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa teu ngan saukur tina tilikan semantik wungkul, tapi ku pamarekan élmu-élému lian ogé bisa.
- c. Dina ieu panalungtikan kapanggih kecap-kecap anu ngébréhkeun unsur misato jeung mituwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda, dipiharep satulunya aya buku nu ngadéskripsikeun tiap babasan jeung paribasa anu ngandung unsur misato jeung unsur mituwuhan.
- d. Tina hasil panalungtikan kagambar aya sababaraha unggara babasan jeung paribasa anu unggarana méh sarua, dipiharep ogé satulunya aya panalungtikan ngeunaan variasi unggara babasan jeung paribasa Sunda.

- e. Babasan jeung paribasa Sunda kudu terus dipaké dina omongan sapopoé sarta diwanohkeun terus ka masarakat Sunda.
- f. Bahan pangajaran pakeman basa di SMA kudu bisa leuwih variatif sarta ngirut karep diajar siswa.

